



## Kisa Pwogram Prevansyon Epatit B Perinatal la ye?

Pwogram Prevansyon Epatit B Perinatal (PHBPP)  
Depatman Lasante Laflorid an, ansanm ak kolaborasyon  
founisè swen sante piblik ak prive yo avèk fasilite pou  
akouchman yo genyen objektif ki annapre sa yo:

- Pou fè sondaj pou fanm k ap resevwa sèvis avan akouchman pou HBsAg.
- Pou asire pou tout timoun manman yo ki ansent epi yo teste pozitif pou HBsAg, resevwa vaksen epatit B globilin iminè (HBIG) ak vaksen epatit B an lemoman yo fèt, aprè sa, konplete seri vaksen epatit B yo ak tès aprè vaksen yo.
- Pou idantifye kontak manman yo ak man fwaye li yo epi founi sèvis iminizasyon ak edikasyon, jan li nesèsè. Atravè program PHBPP ak Vaksen pou Timoun (VFC) la, lopital yo bay vaksen epatit B a epatit B globilin iminè yo pou evite transmisyon viris epatit B an de manman an a tibebe an.
- Kowòdinatè PHBPP nan depatman lasante konti lokal (CHD) okipe jesyon ka yo epi rapòte yo. Vizite [http://www.doh.state.fl.us/disease\\_ctrl/immune/hep\\_b/](http://www.doh.state.fl.us/disease_ctrl/immune/hep_b/) pou yon lis kowòdinatè yo ak kontak enfòmasyon yo an.

- 1 Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi : Epidemyoloji ak Prevansyon pou Vaksen Maladi Yo Ka Evite 2000. Atlanta: CDC, 2002; Setyèm Edisyon.
- 2 Tès aprè-vaksinasyon pou anti-HB yo ak HBsAg pa dwe fèt avan 9 mwa daj. Gave rekòmandasyon ACIP yo.


## Entèvansyon Epatit B Perinatal nesèsè.

Transmisyon epatit B sifas antijèn perinatal (HBsAg) de manman a tibebe nan moman nesans li trè efikas.

Nan absans pwofilaktik aprè-ekspozisyon, genyen yon 70%–90% chans tibebe yon fanm ansent ki teste pozitif pou HBsAg ak HBeAg pral vin enfekte avèk viris 1 epatit B an. Enfeksyon pandan nesans ka lakoz ensifzans epatik, kansè ak siwoz fwa pita nan lavi.

Si yo pat jwenn enfeksyon pandan nesans li, tibebe an pral toujou gen risk pou trape enfeksyon an nan men manman li oswa yon lòt manm nan fwaye an padan kòmansman anfans li.

Komite Avizwa sou Pratik Iminizasyon (ACIP), Kolèj Ameriken pou Obstetrik ak Jenikoloji (ACOG), Akademi Pedyatrik Ameriken (AAP) ak Akademi Pratik Sante Pou Fanmi Ameriken (AAPF) rekòmande pou tout fanm ki ansent ou fè tès woutin pou HBsAg pandan vizit prenatal bonè pou chak gwosès.



## Entèvansyon Epatit B Perinatal.



### Pwogram Prevansyon Epatit B Perinatal

K ap Pwoteje Fanmi ak Tibebe yo.

Pou plis enfòmasyon sou Pwogram Prevansyon Epatit B Perinatal an, Kontakte Depatman Lasante Laflorid la, Biwo Iminizasyon nan (850) 245-4342, vizite [www.ImmunizeFlorida.org](http://www.ImmunizeFlorida.org), oswa voye yon imèl pou [Immunization@doh.state.fl.us](mailto:Immunization@doh.state.fl.us).



### Biwo Iminizasyon

4052 Bald Cypress Way, Bin A-11  
Tallahassee, FL 32399-1719  
(850) 245-4342  
Fax (850) 922-4195



### Pwogram Prevansyon Epatit B Perinatal

K ap Pwoteje Fanmi ak Tibebe yo.

Sondaj Avan Nesans pou  
pwoteje lasante.



## Eskedil ki rekòmande pou imino-pwofilaktik sou epatit B pou prevansyon transmisyon enfeksyon viris epatit B.

### **Eskedil pou tibebe ki fèt de manman ki HBsAg-pozitif<sup>2</sup> yo:**

Dòz Vaksen <sup>3</sup>	Laj tibebe an
Premye	Nesans (nan lespas 12 èdtan)
HBIG <sup>4</sup>	Nesans (nan lespas 12 èdtan)
Dezyèm	1 mwa
Twazyèm	6 mwa
Post-vaccination testing (for anti-HBs and HBsAg)	ant 9 ak 15 mwa <sup>5</sup>

- Tibebe ki fèt de manman ki HBsAg-pozitif ki peze mwens pase 2,000 grams jou yo fèt la dwe pran yon katriyèm dòz vaksen an. Yo dwe bay twazyèm dòz la 1–2 mwa aprè dezyèm dòz la, avèk katriyèm dòz la lè li gen sis mwa.
- Tibebe prematire (ki fèt anvan lè) kote yo pa konnen estati HBsAg manman yo an dwe resevwa yon katriyèm dòz nan eskedil tibebe ki gen pwa ki ba jou nesans yo.

### **Eskedil pou tibebe ki fèt de manman ki poko resevwa sondaj pou HBsAg:**

Dòz Vaksen	Laj tibebe an
Premye	Nesans (nan lespas 12 èdtan)
HBIG <sup>4</sup>	Si yon jwenn manman an HBsAg-pozitif, bay tibebe an yon dòz le pli vit ki posib, pa pita pase 1 semenn aprè nesans
Dezyèm	1-2 mwa <sup>6</sup>
Twazyèm	6 mwa

1 Timoun ant laj jou nesans ak 18 ane ki anwole nan Medikèd; oswa ki pa gen asirans medikal; oswa asirans medikal yo pa enkli benefis pou iminizasyon; oswa yo se Endyen Ameriken oswa Natif Natal Alaska.

2 HBsAg = antijèn sifas Epatit B

3 Wè Rekòmandasyon ACIP an pou dòz vaksen apwopriye.

4 Epatit B globilin iminè (HBIG)—0.5 mL administre entra-miskilè nan yon sit ki diferan pase kote yo itilize pou bay vaksen.

5 Yo pa dwe teste avan 9 mwa daj pou evite deteksyon anti-HBs nan HBIG ak pou maksimize posiblité pou detekte enfeksyon HBV twò ta.

6 Premye dòz = dose pou tibebe ki fèt de manman ki HBsAg-pozitif yo (wè rekòmandasyon ACIP yo). Si yo jwenn manman an HBsAg-pozitif, kontinye dòz sa a; si yon jwenn manman an HBsAg-negatif, itilize dòz apwopriye dapre rekòmandasyon ACIP an.

7 381.0031 F.S.; 384.25, F.S.; Regilasyon 64D-3.013 (6), Kòd Administratif Laflorid (F.A.C.); Regilasyon 64D-3.042, F.A.C.; 45 CFR §164.512 jiska 45 CFR §164.514.

## Lwa Laflorid la ak egzijans li yo.

### Lwa Laflorid<sup>7</sup> ekzije founisè swen prenatal yo pou:

- Teste tout fanm ansent yo pandan chak gwosès pou estati HBsAg pandan premye vizit yo an.
- Re-teste fanm ansent ki te teste negatif nan premye vizit yo an ki konsidere gwo risk pou epatit B pandan 28 jiska 32 semenn gwosès.
- Teste fanm ansent yo ki parèt jou akouchman san oken dosye tè san pou HBsAg.
- Ofri pou teste manm fwaye kliyan matènite HBsAg-pozitif yo, patnè seksyèl ak mou ki pataje segwi.
- Rapòte rezilta tè HBsAg-pozitif fanm ansent yo bay departman lasante lokal la.
- Divilge enfòmasyon pèsonel sou sante konsènan prevansyon transmisyon viris epatit B (antan youn nan maladi kominikab “yo dwe rapòte” ki kouvri nan estati Laflorid la).



## Kòman founisè swe sante patisipe nan pwogram la?

- Rapòte rezilta tè HBsAg-pozitif fanm ansent yo bay Pwogram Prevansyon Epatit B Perinatal (PHBPP) nan departman lasante konti lokal (CHD).
- Asire pitit fanm ki HBsAg-pozitif yo vaksinen atan epi konplete seri yo. Rapòte dat vaksen yo avèk rezilta tè aprè-vaksinasyon bay kowòdinatè PHBPP an.
- Ou ka anwole nan pwogram Vaksen Pou Timoun (VFC) la si fasilite w la genyen kalifikasyon pou kliyan<sup>1</sup>. Kontakte Pwogram VFC an pou plis enfòmasyon nan 1-800-483-2543